

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekkan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaranana, bisa dicindekkeun sababaraha kacindekan nya éta :

- 1) Tradisi Hajat Makam mangrupa tradisi nu matuh nu diayakeun unggal tanggal 14 Mulud nu tempatna di makam Nyi Ratu Déwi Kawunganten nu pernahna di Désa Kawunganten. Hajat Makam mangrupa upacara pangéling-ngéling tur panghormatan ka Nabi Muhammad SAW jeung ka Nyi Ratu Déwi Kawunganten. Ayana tradisi Hajat Makam téh asalna mah ku ayana Nyi Ratu Déwi Kawunganten di éta pakampungan, nu antukna ngaran kampungna gé ngalap jenengan Anjeunna. Pikeun pangemut-ngemut kana jasa Anjeunna nya diayakeun Hajat Makam. Ari Nyi Ratu Déwi Kawunganten téh mangrupa istri selir ti Sunan Gunung Jati nu nyebankeun agama Islam di Tatar Sunda. Dugi ka ayeuna makam Nyi Ratu Déwi Kawunganten sok pada ngadeugdeug ku jalma ti suklak-siklukna, ngan aya pantrangan pikeun nu jararah nya éta teu meunang jarah dina poé Saptu. Saupama tanggal opat welas Mulud ninggang dina poé Saptu, sok diparindahkeun ka tanggal lima welasna atawa poé Mingguna. Prak-prakan tradisi Hajat Makam biasana dilaksanakeun dua poé sabada Maulid nabi atawa Muludan. Dina poéan upacara, masarakat boh nu sabudeureunana boh ti daerah séjén daratang ka tempat diayakeunana Hajat Makam, bari marawa tumpeng tur dahareun lianna. Sanggeus masarakat

karumpul ngarariung, acara kakara dimimitian. Acara dipimpin ku kuncén sepuh. Ari prak-prakanna mah dimimitian ku maca solawat *sadah*, maca hadiah atawa *hadoroh*, dituluykeun ku maca tahlil, tuluy nyaritakeun kalawan ringkes sajarah ayana tradisi Hajat Makam, nu pamungkas ditutup ku maca du'a Mulud tuluy murak tumpeng babarengan.

- 3) Unsur semiotik utamana simbol karéréanana nyangkaruk dina pakakas kalengkepan atawa properti hajat nya éta dina sasajén, sedengkeun dina prakna upacara mah taya simbol nu nyangkaruk di jerona. Simbol-simbol nu kapanggih dina tradisi Hajat Makam aya 11 dumasar kana buku, 13 dumasar hasil wawancara, jeung 4 dumasar kana analisis semiotik Peirce.
- 4) Dina simbol-simbol éta nyangkaruk sababaraha ajén falsafah. Ajén falsafah nu nyangkaruk di jerona miboga mangpaat pikeun kahirupan manusa sapopoé. Ajén falasafah éta mangrupa piwuruk jeung amanat kolot baheula dina ngajaga sikep tur paripolah anak incuna. Dina nepikeun amanatna, kolot baheula teu nepikeun kalawan nembrak tapi rada disamunikeun, nu antukna pikeun nyaho kana éta amanat téh kudu disurahan heula.
- 5) Tradisi Hajat Makam masih kénéh relevan kana kahirupan masarakat Désa Kawunganten jaman kiwari. Hal éta mangaruhan kana sikep tur paripolah masarakat dina hirup kumbuh sapopoéna.

5.2 Saran

Dina panalungtikan tradisi Hajat Makam kacida réa mangpaatna pikeun nu nalungtik, dina ieu panalungtikan bisa kagambar ngeunaan upacara-upacara tradisi nu aya di tatar Sunda. Dumasar kana kacindekan tina hasil panalungtikan di luhur, disarankeun sangkan :

- 1) Tradisi hajat makam nu geus aya bisa dimumulé, diraksa, tur diriksa.
- 2) Jaman modérn jeung arus globalisasi bisa dijadikeun alat pikeun kamekaran tradisi Hajat Makam.
- 3) Aya dokuméntasi ngeunaan tradisi Hajat makam
- 4) Para sepuh ngawariskeun ajén-ajén kabudayaan ka generasi ngora, sangkan warisan budaya bisa kamumulé.